**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYAZ ATINDAG’I**
**NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI**

**TARIYX FAKULTETI**

**TARIYX OQITIW METODIKASI KAFEDRASI**

5110600-Tariyx oqitiw metodikasi bakalavr ta'lim bag’dari
3 a kurs talabasi Nartajiev Allayar Kutlumuratovichtin'
«Tariyx oqitiw teoriyasi ha'm metodikasi» pa'ninen

# ***K U R S  J U M I S I***

## TEMA: SOTSIAL GUMANITAR PA’NLERGE QA’NIGELESKEN AKADEMIYALIQ LITSEYLERDE «1918-1939 JILLARDA FRANTSIYA » TEMASIN U’YRENIW

**Ilimiy basshi:**
**U.Kalandarov**

No’kis 2016

**TEMA: SOTSIAL-GUMANITAR PA’NLERGE QA’NIGELESKEN AKADEMIYALIQ LITSEYLERDE «1918-1939 JILLARDA FRANTSIYA» TEMASIN U’YRENIW**

**REJE:**

Kirisiw…………………………………………………………………………...3

**I BAP. Sotsial-gumanitar pa’nlerge qa’nigelasken akademiyaliq litseylerde «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiwda ta’lim na’tiyjeliligin asiriwdin’ teoriyaliq-pedagogik tiykarlari**

1.1. Orta arnawli ta’lim ma’kemelerinde ja’ha’n tariyxin oqitiwdin’ teoriyaliq-pedagogikaliq analizi…………………………………………………….6

1.2. «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin orta arnawli bilimlendiriw sistemasi sabaqliqlarinda jaritiliwi……………………………………………………9

**II BAP. Sotsial-gumanitar pa’nlerge qa’nigelesken akademiyaliq litseylerde «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiwdin’ pedagogikaliq tiykarlari**

2.1. Akademiyaliq litseylerde «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiwg’a qoyilatug’in metodikaliq talaplar…………………………………………………18

2.2. «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiw protsesinde ta’lim na’tiyjeliligin asiriwdin’ forma ha’m usillari…………………………………….22

2.3. Akademiyaliq litseylerde «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiwdin’ ta’jriybe-sinawi (bir saatliq sabaq islenbesi)……………………………….….25

**Juwmaqlaw……………………………………………………………………27**

**Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi…………………………………………28**

**Qosimshalar……..…………………………………………………………….29**

# Kirisiw

**<u>Temanin’ aktuallig’i</u>.** G’a’rezsizlikke eriskenimizden keyin basqa tarawlar siyaqli ilim-pa’nge da itibar ku’sheydi. A’sirese, tariyx pa’nine da itibar ku’sheydi. Atap aytqanda, O’zbekistan tariyxi menen bir qatarda ja’ha’n tariyxi pa’nine da itibar ku’sheydi. O’zbekistan Respublikasinin’ Prezidenti Islam Karimov “Zaman talabi sol, professorlar ha’m oqitiwshilar o’zlerinde bar bilim ha’m ko’nlikpe menen sheklenip qalmastan, shet el ma’mleketler ta’jriybesin qunt penen u’yrenip, ma’nisin shag’ip, onnan keyin o’z talabalarina sabaq beriwi kerek”[1] – dep ayriqsha atap o’tken edi.

Prezidentimiz Islam Karimov o’zinin’ “Ona yurtimiz bat-u iqboli va buyuk keleajagi yo’lida xizmat qilish eng oily saodatdir” kitabinda bilay degen edi: “ Tariyxti jaziwda hesh qashan on’ ta’repke da, shep ta’repke da awimastan, tek haqiyqat ha’m ha’m a’dillik ko’z qarasinan jol tutiliwi kerek. Jasalma tariyx bamisali og’u siyaqli insandi za’herleydi, onin’ sanasin, du’nya qarasin shalg’itadi”.[2] Ha’zirgi ku’nde Respublikamizda “Bilimlendiriw haqqinda”g’i nizam[3] ha’m “Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri”[4] tiykarinda bilimlendiriw sistemasinda milliy g’a’rezsizlik talaplari tiykarinda qayta reforma etpekte. Onnan go’zlengen maqset milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi talaplari ha’m ideyalari ruwxinda ta’rbiyalang’an ba’rkamal, keleshegi ulli O’zbekistandi jarata alatug’in ha’mde onda jasaytug’in ha’r ta’repleme jetik qa’liplestirip er jetkiziw.

Ja’ha’n tariyxi O’zbekistannin’ du’nya ko’leminde iyelegen ornin aniqlawg’a ja’rdem beredi. Tariyx bul – bir pu’tin protsess bolip, bunda waqiyalar bo’lek-bo’lek emes bir waqittin’ o’zinde jer sharinin’ tu’rli jerlerinde ju’z beredi. Solay eken O’zbekistan tariyxinin’ ja’ha’nnin’ bir bo’legi sipatinda qaraw, ja’ha’n xaliqlari tariyxinan u’lgi aliw da da’rka’r.

Ja’ha’n tariyxi pa’ni jas a’wladti watansu’yiwshilik ruwxinda ta’rbiyalaydi, o’z watanin’ qa’drine jetiwge, onin’ azatlig’i, keleshegi ushin janin pida etiwge

---

[1] I.A. Karimov, “Barkamol avlod-O’zbekiston taraqqiyotining poydevori” 6-tom “O’zbekiston” 1997
[2] I.A. Karimov, “Ona yurtimiz bat-u iqboli va buyuk keleajagi yo’lida xizmat qilish eng oily saodatdir” T; 2015, 112-bet
[3] “Bilimlendiriw haqqinda”g’i nizam 1997
[4] “Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri” 1997

tayar boliwg'a ja'rdem beredi. Ja'miyet rawajlaniw haqqinda a'hmiyetli nizamliqlardi bilip aliwg'a, du'nya rawajlaniwinin' o'zine ta'n jollarin tu'siniwge ha'm keleshek haqqinda oylarina, du'nya qaras, ideologiyag'a iye boliw ideologiyasin qa'liplestiredi. Sonday-aq ekonomikag'a o'tip atirg'an respublikamizda bul basqishti aldiniraq basip o'tken ma'mleketler tariyxi ha'm ta'jriybesi menen tanistiradi ha'mde olardin' aldin'g'i ta'jriybelerin O'zbekistanda joqari qollaw ushin derekler jaratdi.

**Temanin' u'yrenilgenlik da'rejesi.** Orta arnawli bilimlendiriw sistemasi ushin ma'mleket standartlari menen oqiw da'stu'ri bir-birine baylanisli du'zilgen bolip birgelikte oqiw pa'ninin' maqsetin a'melge asiriwg'a xizmet qiladi. Orta arnawli bilimlendiriw sistemasi ushin ma'mleket standartlari ha'm oqiw da'stu'rleri islep shig'ilg'an.

Ja'ha'n tariyxi boyinsha rus tilinde basip shig'arilg'an a'debiyatlar ko'p, V.K.Furaev sholiw tiykarinda "En' jan'a tariyx" atli sabaqlig'i basip shig'arilg'an. A.Krederdin' "En' jan'a tariyx" atli sabaqliqlarin tema ha'r ta'repleme bayan etilgen. O'zbekistanda da ja'ha'n tariyxi pa'ninen sabaqliqlar basip shig'arilg'an. M.Lafasov avtorlig'indag'i ja'ha'n tariyxi missal boladi. Temani metodikaliq jaqtan jaritqan birde-bir a'debiyatti ko'rsete almaymiz. Biraq pedagoglar ta'repinen pedagogikaliq texnologiyalarg'a tiyisli a'debiyatlardan temani shuqirlastirip u'yreniwge ja'rdem beredi. Temani metodikaliq ta'replerin jaritiwda A.Sadievtin' "Mektepte tariyx oqitiw metodikasi", A.Sadiev, G.Fuzoilova, M.Hasanovanin' "Tariyx oqitiw metodikasi" atli sabaqliqlarinan paydalaniw mu'mkin.

**Temanin' maqset ha'm waziypalari.** Bul kurs jumisinin' tiykarg'i maqseti akademiyaliq litseylerde "1918-1939-jillarda Frantsiya" temasin u'yreniw, oni teoriyaliq jaqtan tiykarlaw ha'mde metodikaliq usinislar islep shig'iw. Usi maqsetti a'melge asiriw ushin to'mendegi waziypalar belgilep alindi:

- Orta arnawli oqiw orinlarinda ja'ha'n tariyxin oqitiwdin' teoriyaliq-pedagogikaliq analizin a'melge asiriw;
- "1918-1939-jillarda Frantsiya" temasinin' orta arnawli bilimlendiriw sistemasi sabaqliqlarinda jaratiliwin u'yreniw;

- “1918-1939-jillarda Frantsiya” temasin oqitiw protsesinde bilimlendiriw na’tiyjeligin asiriwdin’ forma ha’m usillarin u’yreniw;
- Akademiyaliq litseylerde “1918-1939-jillarda Frantsiya” temasin oqitiwda qoyilatug’in metodikaliq talaplardi analizlew;
- Temani oqiwg’a tiyisli teoriyaliq ha’m usillar, usinislar beriw, juwmaqlar shig’ariw.

**Izertlew obekti:** Orta arnawli bilimlendiriw sistemasinda “1918-1939-jillarda Frantsiya” temasin u’yreniw.

**Izertlew predmeti:** Orta arnawli bilimlendiriw sistemasinda “1918-1939-jillarda Frantsiya” temasin u’yreniwde pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniwdin’ forma, usil ha’m quralları.

**Izertlewdin’ metodologiyaliq tiykari:** O’zbekistan Respublikasinin’ Konstitutsiyasi, “Bilimlendiriw haqqinda”g’i nizam ha’m “Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri”, Prezident Islam Karimovdin’ O’zbekistan tariyxi, milliy g’a’rezsizlik ideyasi ha’m ideologiyasi, ja’miyet ruwxiylig’in joqarilatiwg’a tiyisli ideyalar, shig’is oyshillardin’ ba’rkamal insane ta’rbiyasi, a’dep-ikramliq, uliwmainsaniyliq ha’m milliy qa’diryatlardi rawajlandiriwg’a tiyisli shig’armalarinda bayan etilgen pikirler jumisimizdin’ metodologiyaliq tiykarin payda etedi.

O’zbekistanli ha’m shet elli alimlardin’ O’zbekistan tariyxi, ja’ha’n tariyxi, zamanago’y pedagogikaliq texnologiyalar analizine bag’sihlang’an ilimiy izlenisleri da jumisimizdin’ teoriyaliq deregi bolip xizmet etedi.

**Kurs jumisinin’ du’zilisi:** Bul kurs jumisi kirisiw, 2 bap, 5 bo’lim, juwmaqlaw, paydalanilg’an a’debiyatlar ha’m qosimshalardan ibarat.

# I BAP. SOTSIAL-GUMANITAR PA’NLERGE QA’NIGELESKEN AKADEMIYALIQ LITSEYLERDE «1918-1939 JILLARDA FRANTSIYA» TEMASIN OQITIWDA TA’LIM NA’TIYJELIGIN ASIRIWDIN’ TEORIYALIQ-PEDAGOGIKALIQ TIYKARLARI

## 1.1 Orta arnawli bilimlendiriw orinlarinda ja’ha’n tariyxin oqitiwdin’ teoriyaliq-pedagogikaliq analizi

O’zbekistan Respublikasi g’a’rezsiz rawajlaniw jolinan barmaqta ha’m u’lken tariyxiy tabislardi qolg’a kiritpekte. Bul tabislar ja’miyetlik-siyasiy, ekonomikaliq-ma’deniy ha’m ruwxiy turmisimizdin’ barliq tarawlarina birdey ta’n.

Ha’zirgi basqishta respublikamizda “Bilimlendiriw haqqinda”g’i nizam ha’m “Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri” tiykarinda bilimlendiriw sistemasi milliy g’a’rezsizlik talaplari tiykarinda qayta reforma qilinbaqta. Onnan go’zlengen bas maqset milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi talaplari ha’m ideyalari ruwxinda ta’rbiyalang’an ba’rkamal, keleshegi ulli O’zbekistandi jarata alatug’in ha’mde onda jasaytug’in ha’r ta’repleme jetik insandi qa’liplestiriw jetkiziwden ibarat O’zbekistan Respublikasi Prezidenti Islam Karimov “Yadsiz ba’rkamal insane bolmag’aninday o’z tariyxin bilmegen xaliqtin’ keleshegi de bolmaydi”[1] degen edi. Sebebi tariyx xaliqtin’ keleshegi, o’tmishi, onin’ jaqsi ya jaman tariyxiy yadi esaplnadi. Usi ma’nide tariyxiy o’tmishi bolmag’an xaliqtin’ keleshegi de joq.

Keyingi jillarda orta arnawli bilimlendiriw sistemasinda tariyx pa’nin oqitiwda u’lken o’zgerisler bolmaqta. “O’zbekistan tariyxi” ha’m “Ja’ha’n tariyxi” ayriqsha pa’n sipatinda oqitilip, sabaq saatlari derlik ten’lestiriliwi ha’m birgelikte u’yrenilmekte. Oqiw rejeleri boyinsha ha’zirgi da’wirde tariyx pa’ni ushin akademiyaliq litseyler ha’m ka’sip-o’ner kolledjleri ushin 160 saat ajiratilg’an yag’niy “O’zbekistan tariyxi” – 80 saat, “Ja’ha’n tariyxi” – 80 saat[2]

Akademiyaliq litsey ha’m ka’sip-o’ner kolledjleri bilimlendiriw sistemasinin’ I, II kurslarinda tariyx kursi to’mendegi izbe-izlikte oqitiladi:

---

[1] I.Karimov “Tarixiy xotirasiz kelejak yoq” T; “Sharq” 1998 8-bet

[2] Tariyx pa’ninen akademiyaliq litsey ha’m ka’sip-o’ner kolledjleri ushin oqiw da’stu’ri. Du’ziwshiler: O.Usmanov, Sh.Karimov, F.Tursinov, A.Qazaqbaev T; 2010, 44-bet

**I-kurs: “O’zbekistan tariyxi” (1917-1991):** Tu’rkstanda Sovetler ha’kimyatinin’ ornatiliwi, Tu’rkstan avtonomiyasi, milliy azatliq ha’reketleri, Sovet ha’kimyatinin’ 1920-1930-jillarda O’zbekistanda ju’ritken siyasiy, ekonomikaliq, ruwxiy ag’artiwshiliq siyasatin salistira aliw, onin’ koloniyaliq ma’nisi, O’zbekistannin’ ekinshi ja’ha’n urisindag’i qatnasi, O’zbekistan g’a’rezsizligi ushin gu’resi, “G’a’rezsizlik deklaratsiyasi” ha’m onin’ ma’nisi.

**“Ja’ha’n tariyxi” (1917-1945-jillar):** Birinshi ja’ha’n urisi, onin’ ma’nisi, 1917-1939-jillardag’i batis ha’m shig’istin’ tiykarg’i ma’mleketleri rawajlaniwi, ja’ha’n ekonomikaliq krizisi, ekinshi ja’ha’n urisinin’ baslaniwi sebepleri ha’m onin’ aqibetleri.

**II-kurs “O’zbekistan tariyxi” (1991-2012-jillar):** O’zbekistannin’ ma’mleket g’a’rezsizligin qolg’a kiritiwi, O’zbekistannin’ o’zine ta’n rawajlaniw joli, O’zbekistan Respublikasi Prezidentinin’ ekonomikaliq, siyasat, ideologiyag’a tiyisli shig’armalarinda ilgeri su’rilgen ideyalar, bazaar ekonomikasinin’ uliwma nizamliqlari, du’nya xaliqlari aldinda turg’an a’lemge belgili mashqalalar, olardi sheshiw waziypalari, ha’zirgi da’wirde O’zbekistannin’ ma’deniy-ruwxiy rawajlaniwi, O’zbekistanda demokratiyaliq ma’mleket quriw, ruwxiy qa’diriyatlardi tiklew ha’m rawajlandiriw.

**“Ja’ha’n tariyxi”: (1945-2012-jillar)** huqiqiy demokratiyaliq ma’mleket ha’m puxaraliq ja’miyetinin’ qa’liplesiw nizamliqlari ha’m tu’rli ideologiyalar gu’resi, batis ha’m shig’istag’i azatliq ha’reketleri, 1945-1991-jillardag’i du’nya tariyxi, “suwiq uris”tin’ ma’nisi, totalitar du’zimnin’ qulawi, 1991-2012-jillarda demokratiyaliq da’wir. Usi protsess O’zbekistan Respublikasi joqari ha’m orta arnawli ha’mde xaliq bilimlendiriw ministrliginin’ 2010-jil 1-iyuldag’i 6/1 ha’m 4/2 sanli qospa komissiya ma’jlisi qarari menen tastiyiqlang’an ha’m akademiyaliq litsey ha’m ka’sip-o’ner kolledjleri ushin tariyx pa’ninen u’zliksizlesken oqiw da’sturi sipatinda u’zliksiz bilimlendiriw sistemasia ja’riya etiw ushin usinis etilgen da’stu’rde o’z ko’rinisin tapqan.

Usi da’stu’r akademiyaliq litseyler ha’m ka’sip-o’ner kolledjleri ushin mo’lsherlengen bolip, tiykarinan “Ja’ha’n tariyxi”nin’ 1917-2012-jillardi o’z ishine

aladi ha'm orta uliwma bilim beriw mekteplerindegi “Ja'ha'n tariyxi” pa'ninin' dawami esaplanadi.

Jurtbasshimiz aytqaninday: “Biz tu'rli ma'mleketler ekonomikasinin' o'zine ta'n rawajlaniwin u'lken diqqat itibar menen u'yrenemiz, ja'ha'n a'meliyati ha'm ja'ha'n ideologiyasinda toplaga'an en' jaqsi ta'jriybelerdi o'zimizde qollawdi ar bilmeymiz, kersinshe bunday umtiliwdi ha'r ta'repleme qollap-quwatlaymiz”[3] ja'ha'n tariyxin oqitiw ha'm u'yreniwden maqset usi pikirden kelip shig'adi.

Bul pa'n jas a'wladti watansu'yiwshilik ruwxinda ta'rbiyalaydi, o'z wataninin' qa'drine jetiwge, onin' azatlig'i, keleshegi ushin janin pida etiwge tayar boliwg'a ja'rdem beredi. Ja'miyet rawajlaniwi haqqindag'i a'hmiyetli nizamliqlardi bilip aliwg'a, du'nya rawajlaniwinin' o'zine ta'n jollarin tu'siniwge ha'm keleshek haqqinda oylar, ko'z qaras, ideologiyag'a iye boliw ideologiyasin qa'liplestiredi. Ja'ha'n tariyxi pa'ni baynalminallshiliq ta'rbiyasinin' a'hmiyetli qurali esaplanadi. Bul pa'ndi u'yreniw na'tiyjesinde basqa millet ha'm xaliqlardi hu'rmet etiw, olardin' u'rip-a'detleri ha'm tariyxin qa'dirlewge, uliwmainsaniyliq qa'diriyatlardi hu'rmet etiw sezimin ta'rbiyalawg'a ja'rdem beredi. Ja'ha'n tariyxi pa'ni I basqishta 40 saat, II basqishta 40 saat o'tkiziledi.[4]

## 1.2 Sotsial-gumanitar pa'nlerge qa'niygelesken akademiyaliq litseylerde 1918-1939-jillarda Frantsiya temasina u'yreniw temasinin' orta arnawli bilimlendiriw sistemasi sabaqliqlarinda jaritiliwi

Orta arnawli bilimlendiriw sistemasi sabaqliqlarinda ja'ha'n tariyxinin' sabaqliqlari ha'm oni jaritiw ma'seleleri to'mendegishe su'wretlenedi.

Ja'ha'n tariyxinin' ha'zirge shekem u'yrenilip kiyatirg'an kursi tiykarinan to'rt da'wirden ibarat yag'niy a'yyemgi, orta a'sirler, jan'a ha'm en' jan'a da'wirlerdi o'z ishine aladi. Qa'niygelerdin' pikirlerin esapqa alip usi da'wirlerdi u'shewge keltiriwge, jan'a ha'm en' jan'a da'wirlerdi qosip jiberiwge tuwri keldi.

[3] I.A. Karimov “Barkamol avlod-O'zbekiston taraqqiyotining poydevori” 6-tom “O'zbekiston” 1997

[4] 2 M.Lafasov, M.Ochilova, M.Kabirova “Tariyx pa'ninen akademiyaliq litsey ha'm ka'sip-o'ner kolledjleri ushin oqiw da'stu'ri” T; 2010

Sebebi keying da’wir tikkeley klasliq gu’res ko’z qarasinan kelip shiqqan edi. Jan’a da’wirlestiriw bolsa insaniyat tsivilizatsiyasi rawajlaniwinan kelip shig’ip tariyxta izbe-izlikte ha’m u’zliksizlikti ta’miynleydi, tariyxiy waqiyalar bir-birin toltiradi ha’mde birdey tu’sinik payda boliwina ja’rdem beredi. Bul da’wirlerdi basqishpa-basqish u’yreniw ja’ha’n tariyxin o’zlestiriwdi an’satlastiradi.

G’a’rezsizlik jillarinda orta arnawli bilimlendiriw sistemasi oqiwshilari ushin basip shig’arilg’an sabaqliqlarda 1918-1939-jillarg’a tiyisli Frantsiya tariyxi “Frantsiya” temasi astinda berilgen. Atap aytqanda, usi temanin’ “Birinshi ja’ha’n urisinin’ aqibetleri” dep atalg’an bo’liminde to’mendegilerid oqiw mu’mkin:

Frantsiya ja’ha’n urisinda jen’ip shiqqan ma’mleketlerden biri edi. Biraq bul jen’is Frantsiya ushin ju’da’ u’lken jog’altiwlar ornina qolg’a kiritildi. Uris sebepli 1,4 mln frantsiyali o’ldi, 750 min’ jaradar, mayip-na’giran bolip qaldi. Uris ha’reketleri aqibetinde anaati rawajlang’an wa’layatlar wayranag’a aylandi. 3 mln 250 min’ gektar aydalatug’in jer paydalaniwg’a jaramsiz bolip qaldi. Frantsiya qariz beriwshi ma’mleketten qarizdar ma’mleketke aylandi. 1920-jilg’a kelgende Frantsiyanin’ ma’mleketlik qarizi 300 mlrd frankka jetti. Sol da’wirdegi esaplarda AQShtan 300 mlrd dollar, Ulli Britaniyadan bolsa 650 mln funt sterling qariz boldi.

Sol waqitta uris Frantsiyani Batis Evropanin’ birinshi ma’mleketine aylandiradi. Elzas ha’m Lotaringiyanin’ qaytariliwi, Saar wa’layati u’stinen Frantsiya qadag’alawinin’ ornatiliwi ma’mlekettin’ bunnan keyingi rawajlaniwinda ju’da’ u’lken ro’l oynaydi. Jan’a ekonomikaliq aymaqlar Frantsiya metallurgiya sanaati qu’diretin 75%ke asirdi.

Bunnan tisqari Frantsiya hu’kimeti wayran bolg’an xojaliqti tiklew ma’selesine de u’lken itibar berdi. Bul maqset ushin to’lengen 100 mlrd markag’a jaqin taban sanaatti texnologiya jag’inan qayta quriw imkanin berdi. Bulardin’ barlig’i ma’mleketti ja’ne de industralastiriw ushin sebep bolip xizmet etti, aqir-aqibetinde Frantsiya agrar-industrial ma’mleketten industrial-agrar ma’mleketke aylandi.

Temir rudasi qazip shig’ariw boyinsha Frantsiya Evropada birinshi oring’a shiqti. Qu’diretli bankler payda boldi. «Sitroen», «Pejo», «Simka» siyaqli u’lken kompaniyalar payda boldi.

Sol menen birge ma’mlekettegi u’lken mug’dardag’i mayda ka’rxanalar da saqlanip qaldi. Olar barliq sanaat o’nimlerinin’ derlik 50 prosentin islep shig’ardi. Awil xojalig’inda da tu’pten o’zgerisler ju’z berdi. Atap aytqanda u’lken jer iyeliginin’ salmag’i ku’sheydi. Ma’selen ja’mi xojaliqtin’ 3,3 prosentin payda etken 40 gektardan artiq jerge iyelik etiwshi xojaliqlar qolinda egin maydanlarinin’ 45,6 protsenti toplandi. Olar uristan aldin tek g’ana 2,6 prosent egin maydanina iyelik qilatug’in edi.

Uris sebepli Frantsiya koloniyashi imperiyasi ja’ne de ken’eydi. Siriya ha’m Livanda Frantsiya u’stemligi ornatildi. Olar buring’i Tu’rkiya imperiyasinin’ mu’likleri edi. Sonday-aq Frantsiya Germaniyanin’ Afrikadag’i koloniyalari – Togonin’ bir bo’limi ha’m Kamerung’a iye boldi.

Frantsiya ja’miyeti ishki turmisinda shovinizm keypiyati ju’da’ ku’sheydi. Waqitli baspa so’z «Nemisler ha’mme na’rse ushin haq to’lewi kerek» uranin ken’ taratti ha’m ma’mlekettegi milletshi ku’shler Germaniyani ilaji barinsha ku’shsizlendiriwge urindi.

Sol waqitta Frantsiya Sovet Rossiyasina qarsi shet el imperiyasinin’ en’ aktiv belsendilerinen biri boldi. Sebebi Rossiyag’a bergen qarizlarinin’ tag’dirinen ta’shwishke tu’sip qalg’an edi.

Frantsiya hu’kimran qatlamlarinin’ bas maqseti Frantsiyani Evropanin’ en’ qu’diretli, Evropa ma’mleketleri arasinda sheshiwshi so’zin ayta aliwshi ma’mleketke aylandiriw edi.

Sonday-aq sabaqliqtin’ «Frantsiya» temasina tiyisli «Milliy blok hu’kimeti, onin’ ishki ha’m sirtqi siyasati» dep ataliwshi bo’liminde to’mendegi mag’liwmatlar berilgen:

1919-jil noyabr ayinda uristan keyin birinshi ma’rte parlamentke saylaw o’tkerildi. Saylawg’a deyin on’ partiyalar «Milliy blok» dep ataliwshi awqamg’a birlesti. Blokti ju’da’ on’ partiyalar «Milliy respublikashiliq partiyasi»,

«Respublikashi demokratiyaliq partiya» du’zgen edi. Radikallar ha’m Respublikashi partiyalari olarg’a qosilg’an.

Versal sha’rtnamasi Frantsiyag’a ju’da’ u’lken payda keltirgen bolsa da, ju’da’ on’ ku’shlerdi ol qanaatlandirmaytug’in edi. Sonin’ ushin olar Versal sha’rtnamasin Frantsiya diplomatiyasinin’ sa’tsizligi dep esapladi. Sol sebepli saylaw aldinan asa ketken on’shil partiyalar ma’mlekette milletshilik ideyalarin zor berip ha’wij aldirdi. Sonday-aq olar xaliqtin’ belgili bir bo’legin «bolshevizm qa’wpi» menen shorshitiwg’a eristi.

Bul faktorlar «Milliy blok» tin’ saylawda jen’ip shig’iwin ta’miynledi. Olar Millet ma’jlisindegi barliq orinlardin’ u’shten eki bo’leginen ko’biregin iyelewge eristi. «Milliy blok» hu’kimetin A.Mileran (1859-1943) basqardi.

«Milliy blok»tin’ ishki siyasattag’i tiykarg’i waziypasi ma’mlekette revolyutsiyanin’ ju’z beriwine jol qoymaw ha’m ja’miyetlik qozg’alan’ tolqinin pa’seytiw edi. Sonin’ ushin da saylawshilarg’a jumisshilardin’ da’ramadinan o’z u’leslerin aliwlarina imkan jaratiw, olarg’a ka’rxanalardi basqariwda qatnasiw huqiqin beriw siyaqli reformalardi a’melge asiriwg’a wa’de berdi.

Biraq tez arada baslang’an du’nya ekonomikaliq krzisi bul wa’delerdi orinlawg’a imkan bermedi. Bunday siyasat ma’mlekette ku’shli is taslaw ha’reketlerinin’ ha’wij aliwina alip keldi. 1919-jilg’i bul ha’reketlerde 1,2 mln adam qatnasti.

On’ partiyalar siyasatina qarsi turatug’in iri siyasiy ku’sh Frantsiya Sotsialistlik partiyasi (FSP) edi. Biraq onin’ qatarinda da birlik joq edi.

1920-jildin’ dekabr ayinda FSP da bo’liniw ju’z berdi. Bo’linip shiqqan bo’lim jan’a siyasiy partiyan – Frantsiya Kommunistlik partiyasin (FKP) du’zdi.

«Milliy blok» sirtqi siyasatinda Frantsiyanin’ Evropada jetekshi ma’mleket bolip qaliwi ushin qolinan kelgen barliq ilajlardi ko’rdi. Atap aytqanda ol Germaniyanin’ ilaji barinsha ku’shsizlendiriwge umtildi.

1920-1921-jillarda Frantsiya ta’siri astinda Chexoslovakiya-Ruminiya-Yugoslaviya awqam du’zildi. Ol tariyxta «Kishi Antanta» ati menen da belgili.

Bunnan basqa 1921-jilda ha'm Sovet Rossiyasi ha'm Germaniyag'a qarsi qaratilg'an Frantsiya-Polsha awqami du'zildi.

Bug'an juwap retinde Germaniya ha'm Rossiya 1922-jil Rapalli sha'rtnamasi dep atalg'an sawda-ekonomikaliq sha'rtnamani imzaladi. Sha'rtnam ha'r eki ma'mlekettin' xaliq araliq abiroyin bekkemledi. Frantsiyanin' Evropada o'z gegomonlig'in ornatiwg'a umtiliwi onin' Ulli Britaniya ha'm AQSh penen mu'na'sebetlerin suwiqlastirdi. Ulli Britaniya Evropada Frantsiaynin' gegomon boliwin qa'lemes edi.

Xaliqaraliq maydanda gegemonliqqa dawager AQShta Frantsiyanin' ja'nede ku'sheyip ketiwin qa'lemes edi. Sonin' ushin Ulli Britaniya ha'm AQSh Germaniya to'lewi kerek bolg'an taban mug'darin kemeytuwge umtildi. Bunin' u'stine germaniya tabandi barliq waqitta belgilengen waqitta to'lew qa'biletine iye bolmag'an. 1922-jilda Germaniya Rur wa'layatinan Frantsiyag'a ko'mir jiberiwdi toqtatti. Bul ha'diyse frantsiya metallurgiya sanaati rawajlaniwina u'lken ta'sir ko'rsetti.

1919-1924-jillarda Frantsiyanin' «Milliy blok» hu'kimeti siyasatinan narazi ishki ha'm sirtqi sol ku'shler «Sol blok» du'ziwge qarar qildi. 1924-jilda sonday bloktin' du'ziliwine eristi. Radikallar partiyasi ha'm sotsiallistlik partiya bul blokqa birlesti. Olar saylawshilarg'a teren' ja'miyetlik reforma o'tkeriw, «Milliy blok»tin' xaliqqa qarsi qaratilg'an ilajlardi biykar qiliw, Sovet ma'mleketi menen diplomatiyaliq mu'na'sebette ornatiw, Germaniyadan Frantsiyanin' armiyasin alip shig'ip ketiw siyaqli wa'delerdi berdi ha'm 1924-jildin' may ayinda parlamentke o'tkerilgen saylawlarda jen'iske eristi ha'mde «Sol blok» hu'kimetin du'zdi. Hu'kimetti Radikallar partiyasi basshisi E.Errio (1872-1957) basqardi ha'm Rur wa'layatinan Frantsiya armiyasin alip shiqti. Oktyabr ayina kelip Sovet ma'mleketin ta'n aldi ha'm diplomatiyaliq baylanis ornatti.

1925-jilda awir sanaatta islep shig'ariw uristan aldin'g'i da'rejeden asip ketti. Inflyatsiya asip bardi. «Sol blok» Frantsiya kaloniyalarinda baslang'an milliy-azatliq ha'reketlerin qang'a batirdi. Germaniya ma'selesinde hu'kimet AQSH ha'm Ulli Britaniya aldinda toliq ta'slimshilik siyasatin tutti. E.Errio

hu’kimetin «Daues rejesin» qollap-quwatlawg’a ma’bu’r etti. Bul Frantsiyanin’ Evropada gegemon boliw a’rmaninin’ juwmaqlang’anin bildiretug’in edi. Bul da jetpegendey Frantsiya 1925-jili Lokarno sha’rtnamasin imzaladi. Bul sha’rtnamanin’ imzalaniwi negizinde Frantsiyanin’ o’z awqamlaslari bolg’an Polsha ha’m Chexoslovakiyag’a qiyanet etiw edi. Sebebi, usi sha’rtnamada bul oni ma’mlekettin’ Germaniya menen shegaralari buzilmaslig’ina xaliqaraliq kepillik beriw ko’zde tutilmag’an edi. Frantsiyada finansliq krizis ku’sheyip bardi. Finans-sanaat shen’berleri frankti turaqlastiriw ushin saliqlar ja’riya etiwdi ilgeri su’rdi. Biraq Sotsialistlik partiya bul rejeni qollap-quwatlamadi. Na’tiyjede 1926-jil iyun ayinda «Sol blok» quladi.

Sotsialistlik partiya menen arani ashiq qilg’an Radikallar partiyasi on’lar menen sheriklik jolina o’tti. On’ ku’shler radikallar menen koalitsion hu’kimet du’zdi. Bul hu’kimet «Milliy blok» hu’kimeti dep ataldi ha’m og’an ja’ne R.Puankare (1860-1934) basshiliq etti. Parlament R.Puankareg’a finansliq reforma ushin sheklenbegen wa’killikler berdi.

1926-jilda franktin’ turaqlasiwina erisildi. Inflyatsiyadan en’ ko’p ziyan ko’rgen mayda mu’likdarlar Puankareg’a frank qutqariwshisi dep qaray basladi.

1930-jilg’a kelgende Frantsiyada eki ja’ha’n urisi aralig’indag’i en’ joqari sanaat islep shig’ariwina ha’m sawda aylanbasina erisildi. Ol sanaat rawajlaniwinin’ o’siw pa’ti boyinsha Ulli Britaniya ha’m Germaniyani artta qaldiradi. Ekonomikada dawam turaqsizliq rawajlaniwi xojaliqtin’ turmis da’rejesinin’ o’siwine da joqari ta’sir ko’rsetti.

Sabaqliqtin’ «Ekonomikaliq krizis ha’m onin’ aqibetleri» dep ataliwshi bo’liminde to’mendegilerdi oqiw mu’mkin:

Ja’ha’n ekonomikaliq krizisi Frantsiyag’a da ta’sir ko’rsetpey qalmadi. 1930-jildin’ aqirinda Frantsiya ekonomikasinda krizis baslandi ha’m ol uzaq 1936-jilg’a shekem dawam etti.

Krizisten a’sirese jen’il sanaat u’lken ziyan ko’rdi. 1934-jilda toqimashiliqta jalpi o’nim islep shig’ariw 65%ke kemeydi. 135 jip-gezleme fabrikasi jabildi. Sanaatta jumissizlar sani 1,5 mln adamdi payda etti. Jumis saati 10-12 saat dawam

etetug'in bolip qaldi. Is haqi 40% deyin kemeytirildi. Aziq-awqat o'nimlerinin' bahasi ko'terildi. Saliqlardin' mug'dari ko'beydi.

Ekonomikaliq krizis ma'mlekettin' sirtqi sawdasina da ju'da' u'lken soqqi berdi. Onin' ko'lemi 60%ke kemeydi. Krizis Frantsiya koloniyalarina da ta'sir ko'rsetti. Atap aytqanda Hindiqitayda koloniyashiliq zulimina qarsi qozg'alan' ko'terildi. Marakash ha'm Jazairda milliy-azatliq ha'reketi ku'sheydi. Xaliqaraliq ahwal da Frantsiya ushin qolay emes edi.

Bir ta'repten ekonomikaliq krizisti payda etken ekonomikaliq qiyinshiliqlar ha'm hu'kimettin' olardi sheshiwdin' ha'lsizligi, ekinshi ta'repten Germaniyanin' Versal sha'rtnamasin buziwg'a uriniwi ha'm onin' ken' ko'lemde qurallana baslawina qarsi tura almawi ma'mlekette asa on' ha'm fashistlik ku'shler aktivlesiwine alip keldi.

1932-jilda parfyumeriya sanaatinin' iri magnati Koti «Frantsiya sherikligi» dep ataliwshi fashistlik partiyasin du'zdi. Sonday-aq ma'mlekette «Jawinger atanaqlaq» ha'm basqa bir qatar fashistlik sho'lkemler xizmet ju'rite basladi. Olardin' maqseti Frantsiyada da fashistlik diktatura ornatiw edi.

Sabaqliqtin' «Fashistlik qozg'alan'i» dep ataliwshi bo'liminde to'mendegiler berilgen:

Frantsiya fashistlik ha'kimyatti iyelewge ashiqtan-ashiq ha'reket ete basladi. Usi maqsette olar 1934-jil 6-fevralda quralli qozg'alan' shig'ardi. Bul qozg'alan'g'a «Stavisskiy isi» ba'ne bolg'an. Rossiyaliq emigrant, xaliqaraliq jinayatshi (aldawshi) Stavisskiy firibkerleri arqasinan u'lken bayliq toplag'an edi. Ol Frantsiyada xaliqqa ju'da' u'lken mug'darda qa'lbeki aktsiyalar satqan 1934-jildin' yanvar ayinda Stavisskiy siri ashildi. Fashistler bul iste ma'mleket parlamentin ayipli dep dag'azaladi ha'm 6-fevral ku'ni quralli qozg'alan' ko'terdi.

Biz u'yrenip atirg'an temanin' «Xaliq frontinin' du'ziliwi» degen bo'liminde to'mendegi protsesslerdin' guwasi boliwimiz mu'mkin:

Fashistlerdin' qozg'alan'i Frantsiya ja'miyetinin' salamat ku'shlerin qatti qayg'ig'a saldi. Olardin' shaqrig'i menen antifashistlik ha'reket ayaqqa turdi. 12-fevral ku'ni olardin' shaqrig'i menen ma'mlekette uliwmamilliy mitingi o'tkzildi.

Onda 4,5 mln adam qatnasti. 1934-jildin’ 27-iyulinda Frantsiya Sotsialistlik partiyasi ha’m Frantsiya Kommunistlik partiyasi ortasinda «Ha’reket birligi haqqindag’i pakt» imzalandi. Bul eki partiyanin’ antifashistlik ha’reketine tez arada radikallar partiyasi da qosildi.

1935-jil 14-iyulda sotsialistler, kommunistler ha’m radikallar partiyasi birgelikte u’lken miting o’tkizdi. Solay etip Frantsiyada «Xaliq fronti» payda boldi. 1936-jil aprel-may aylarinda o’tkizilgen parlament saylawlarinda Xaliq fronti jen’iske eristi. Ol parlamenttin’ u’shten eki bo’limin iyeledi. Sotsialist Leon Blyum basshilig’inda jan’a hu’kimet du’zildi. Bul hu’kimet is haqini asiriw, 40 saatliq jumis ha’ptesi, ka’rxanalarda ja’ma’a’t ta’rtibi du’ziw, ka’siplik awqamlari, huqiqin qorg’aw siyaqli bir qatar qararlar qabil etti.

Parlament fashistlik sho’lkemler xizmetin qadag’alaw haqqinda a’hmiyetli nizam qabil etildi. Biraq bul nizam fashistlerge nizamliq xizmet ko’rsetiwshi partiya du’ziwge ruxsat etken. Solay etip Frantsiyada fashizm ha’kimyatti iyeley almadi. Biraq tez arada «Xaliq fronti»nin’ ishinde kelispewshilik ju’zege keldi. Bunin’ sebebi xaliq araliq ha’m ishki siyasatta birden-bir pikirge kele almag’aninda edi.

Tap sol waqitta hu’kimet byudjet jetispewshiligin sheshe almag’ani da mu’na’sebetlerdi ja’nede suwitti. Bulardin’ barlig’i 1938-jil aprel ayinda L.Blyum hu’kimetin napaqa beriwge ma’jbu’r etti. Radikallar partiyasinin’ basshisi Ye.Dalad’e jan’a hu’kimet du’zdi. Onin’ Myunxen sha’rtnamasin imzalawi Xaliq frontinda qatti sing’a sebep boldi. Myunxen sha’rtnamasina ko’re Chexoslovakiyanin’ Sudet wa’layati Germaniyag’a tiyisli berilgen edi. Bul sha’rtnama tez arada Gitlerge Chexoslovakiyani toliq basip aliw ushin jol ashqan edi. Na’tiyjede Radikallar partiyasi noyabr ayinda «Xaliq fronti» quraminan shiqti. Solay etip xaliq fronti tarqalip ketti. Ye.Dalad’e on’ partiyalarg’a tayanip xizmet ju’rite basladi. 1938-jil 6-dekabrde Frantsiya Germaniya menen o’z ara hu’jim qilmaw haqqindag’i pitimnen hesh pariq qilmaytug’in qospa deklaratsiyani imzaladi ha’m sol ayda Italiyanin’ Efiopiyani basip alg’anin ta’n aldi.

1939-jil mart ayinda Germaniyanin’ Chexoslovakiyani basip aliwina hesh qanday tosqinliq qilmadi. Onin’ niyeti Germaniya agressiyasi tig’in shig’isqa – Rossiyag’a burip jiberiw edi. Sol waqitta 1939-jildin’ mart ayinda Frantsiya hu’kimeti ha’r itimalg’a qarsi Ulli Britaniya menen a’skeriy awqam du’zdi. Biraq sirtqi siyasattag’i bul o’tirikler Frantsiyani saqlap qala almadi ha’m ol 1940-jilda Germaniya hu’jimi na’tiyjesinde boysiniwg’a ma’jbu’r boldi.

Solay etip Frantsiya birinshi ja’ha’n urisinda jen’iske erisken bolsa da, ekonomikaliq rawajlaniwi tezlespedi. Ulli ma’mleketler ta’sirinen shig’a almadi. Eki ju’zlemeshi siyasat ju’ritti. Fashizm qurbani boldi.

# II BAP. AKADEMIYALIQ LITSEYLERDE «1918-1939-JILLARDA FRANTSIYA» TEMASIN OQITIWDIN' PEDAGOGIKALIQ TIYKARLARI

## 2.1. Akademiyaliq litseylerde «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiwda qoyilatug'in metodikaliq talaplar.

G'a'rezsizlik jillarinda tariyx pa'nine itibar ja'ne de ku'sheydi ha'm onin' ja'miyet siyasatindag'i ornina baha beriwde u'lken o'zgerisler boldi. O'zbekistan tariyxi menen bir qatarda ja'ha'n tariyxina da itibar ku'sheymekte. Prezidentimiz Islam Karimov «Zaman talabi sol, professorlar ha'm oqitiwshilar o'zlerinde bar bilim ha'm ko'nlikpe menen sheklenip qalmastan, shet el ma'mleketler ta'jriybesin, biz endi baslag'an joldi aldin basip o'tken ma'mleketler ta'jriybesin qunt penen u'yrenip, ma'nisin shag'ip onnan keyin o'z studentlerine sabaq beriwleri kerek» dep ayriqsha atap o'tken edi.[1]

Respublikamizda "Bilimlendiriw haqqinda"g'i nizam[2] nin' jan'a sholiwda, sonday-aq "Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'ri"[3]nin' ha'm sol tiykarda Ministrler Kabinetinin' 1998-jil 13-mayda «O'zbekistan Respublikasinda Orta arnawli, ka'sip-o'ner ta'limin payda etiw shara-ilajlari haqqinda»[4]g'i qarardin' qabil etiliwi akademiyaliq litseylerde pa'nlerdi shuqirlastirip oqitiwda u'lken jol ashti.

Ha'zirgi waqitta oqiw orinlarinda ja'ha'n tariyxi O'zbekistan tariyxi menen birgelikte oqitilmaqta. Sebebi eki tariyxtin' birgelikte oqitiliwi bir-birin toltiradi ha'm O'zbekistan tariyxinda, ja'ha'n ko'leminde iyelegen ornin aniqlawg'a ja'rdem beredi.

Ja'ha'n tariyxi pa'ni jaslardi milliy ideya ha'm milliy ideologiya ruwxinda, watanpa'rwar, baynalminalshi, miynetsu'ygish etip ta'rbiyalawg'a xizmet etiwi lazim. Ja'ha'n tariyxin oqitiw ha'm u'yreniwdin' metodologiyaliq tiykarin ha'm milliy qa'diriyatlar u'stinligi, tariyxshiliq, gumanizm ha'm ha'zirgi da'wirdin' en' aldin'g'i ilimiy-teoriyaliq juwmaqlarin payda etedi. Solardan kelip shig'ip:

---

[1] I.A.Karimov "Barkamol avlod – O'zbekiston taraqqiyotining poydvori" 6-tom. T; "O'zbekiston" 1997
[2] "Bilimlendiriw haqqinda"g'i nizam 1997
[3] "Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'ri" 1997
[4] «O'zbekistan Respublikasinda Orta arnawli, ka'sip-o'ner ta'limin payda etiw shara-ilajlari haqqinda»g'i qarar 1998

«1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiw ha’m u’yreniw printsipleri to’mendegishe:

1. Tariyxiy waqiyalardi jaritiwda xaliqliq printsipi yag’niy waqiyalardi belgili bir klass ha’m toparlardin’ ma’pleri ju’zisinen jaritpastan negizinde qanday bolsa, solayinsha bayan etiw;
2. Tariyxiy waqiya ha’m ha’diyselerge milliy, uliwmainsaniy ideyalardin’ uliwma uyg’inlig’inan kelip shiqqan halda baha beriw kerek;
3. Ja’ha’n tariyxi oqiw pa’nin insanpa’rwarlastiriw yag’niy bul pannin’ insane ta’rbiyasin ku’sheytiriwdegi ornina birinshi da’rejeli itibar beriw;
4. Ja’ha’n xaliqlarinin’ tariyxiy ta’jriybelerinen paydalaniw yag’niy tariyxta bolip o’tken waqiyalardan, ha’diyselerden, tu’rli shaxslar o’mirinen, ekonomikaliq rawajlaniwdan yag’niy baxitli ja’miyet quriw jolinda, insanlardi ka’mil adamlar etip ta’rbiyalwda paydalaniw ha’m ha’zirgi da’wirge xizmet ettiriw za’ru’r;
5. A’piwayidan quramalig’a yag’niy mag’liwmatlardi beriwde oni u’yreniwshilerdin’ bilim da’rejesin ya’ki qa’siyetlerin esapqa alg’an halda jandasiw;
6. Izbe-izlik ha’m u’zliksizlik printsipi yag’niy waqiyalar ta’rtibi menen belgili da’wirlerge, bo’limlerge ajiratip beriliwi ha’mde bir-birin toltirip bariwi lazim.

Bilimlendiriw protsessinde aldin’g’i texnologiyalardi qollaw tiykarinda oqiwshilardi g’a’rezsiz ha’m kritikaliq pikirlewge bag’darlaw, ba’seki, tartislarda o’zinin’ jeke pikirin erkin ha’m joqari, do’retiwshilik bayan ete aliwina erisiw talap etiledi. Bunin’ ushin to’mendegilerge itibar beriw maqsetke muwapiq:

- «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiwda ta’limnin’ da’stu’riy emes formalarinan paydalang’an halda shinig’iwlardin’ na’tiyjeligin, oqiwshilardin’ aktivligin asiriw;
- Oqiwshi jaslar sanasina milliy g’a’rezsizlik ideologiyasin sin’diriwde pa’nnin’ ro’lin asiriw ha’mde olardin’ jeke ko’z qaraslarin g’a’rezsiz ha’m erkin bayan etiwlerine erisiw;
- Oqitiw protsessin aldin’g’i texnologiyalar ha’m xabar texnologiyalari tiykarinda payda etiw;

- Oqiwshi ha’m oqitiwshi ortasinda sheriklik ornatiw;
- Ta’lim ha’m ta’rbiyani maqsetke muwapiq du’zilgen reje tiykarinda alip bariw;
- Bilimlendiriw orinlarinda salamat, ruwxiy ortaliq jaratiw;

Oqiw protsessinde aldin’g’i xabar texnologiyalarin qollaw pedagogikaliq metodlardin’, pedagogikaliq xizmet mazmuninin’ bayitiliwi, jumis usillarinin’ jetilisiwi, pedagogikaliq sisteamalar quraminin’ o’zgeriwine alip keledi.

«1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin u’yreniw ushin oqiwshilardi to’mendegi tu’siniklerdi payda etiw kerek:

- Ja’miyetlik ha’diyse ya’ki waqiyani duris su’wretley aliw, usi ha’diyse ushin tiyisli ta’rep ya’ki da’lillerdi duris an’lay aliw;
- Ha’rbir ja’miyetlik ha’diysenin’ kelip shig’iw sebeplerin aniqlawg’a ha’reket etiw;
- Usi ha’diyse menen baylanisli sha’rt-sharayatlar, olardin’ o’z ara baylanislilig’in aniqlaw;
- Waqiyalardin’ rawajlanip bariw da’wiri ha’m basqishlari, ha’r birinin’ tariyxiy a’hmiyetin aniqlawg’a ha’reket etiw;
- Ha’rbir tariyxiy ha’diysede su’wretlengen rawajlaniwdag’i o’zine ta’nlikti an’law;
- Milliy ha’m uliwmainsaniy qa’diriyatlar ko’z qarasinan tariyxiy ha’diyselerdi bahalaw;
- O’tmish ha’m bu’gingi ku’ndi salistiriwg’a qizig’iw.

Juwmaqlap aytqanda orta arnawli bilimlendiriw sistemasinda «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiw ha’m u’yreniwdin’ maqset ha’m waziypalari, oqitiw mazmuni, oqiwshilardin’ biliw imkaniyatlarinin’ ku’tiletug’in na’tiyjege sa’ykes ra’wishte rejelestiriw usi protsesstin’ metodologiyaliq jaqtan na’tiyjeligin kepilleydi.

## 2.2 «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiw protsessinde ta'lim na'tiyjeligin asiriwdin' forma ha'm usillari

Ja'ha'n ko'leminde globallasiw protsessi shuqirlasip baratirg'an bir waqitta tariyxiy ideologiya, milliy o'zlikti an'law za'ru'riyati payda boldi. Ma'mleketimizde a'melge asirilip atirg'an reformalar o'z ma'nis-mazmunina ko're a'hmiyetli orindi iyeleydi. Ta'lim-ta'rbiya arqali joqari ruwxiyatli shaxslardi qa'liplestiriw oqiwshilar aldina a'hmiyetli waziypalardi sheshiwdi qoyadi. O'zbekistan Respublikasi Prezidenti Islam Karimovtin' «Joqari ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» shig'armasinda: "Ha'mmemizge belgili, insane qa'lbine jol en' aldi menen ta'lim-ta'rbiyadan baslanadi. Sonin' ushin bul haqqinda ga'p ketkende a'jdadlarimiz qaldirg'an biybaha miyrasti an'law menen birge, ata-analarimiz siyaqli biz ushin en' jaqin bolg'an ja'ne bir zat – oqitiwshi ha'm ta'rbiyashilardin' miynetin hu'rmet penen tilge alamiz"[1] dep aytiladi.

Tariyx bilimi arqali akademiyaliq litseylerde oqiwshilar ta'repinen «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin u'yreniwde, tema ma'teriallarin na'tiyjeli o'zlestiriwde qollanilatug'in usillar ha'm zamanago'y pedagogikaliq texnologiyalardin' orni u'lken. Solay eken tariyx pa'ni oqitiwshisi ta'lim protsessinde temalar mazmunina tiyisli bolg'an derekler, kartalar, ma'terialliq zatlar, sabaqliq ha'm oqiw qollanbalardan sheberlik penen paydalaniw menen birgelikte oqiwshilardin' aktiv tema ma'teriallarin o'zlestiriwge bag'darlang'an pedagogikaliq texnologiyalardan ken' paydalaniwi talap etiledi.

Tariyx pa'nlerinen pedagogikaliq texnologiyalar tiykarinda bilim beriwde teoriyaliq metodologiyaliq tiykarlarin biliw u'lken a'hmiyetke iye. Tariyxiy protsesslerdi dialektikaliq, xronologiyaliq da'wirlestiriw, salistiriw, tariyxiy oylaw ha'm ma'deniy uliwma insanity qag'iydalar izertlewlerdin' tiykarg'i gilti esaplanadi. Tariyxti oqitiwda zamanago'y pedagogikaliq texnologiyalardin' orni u'lken. Atap aytqanda akademiyaliq litseylerde « 1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin to'mendegi jag'daylar arqali oqitiw maqsetke muwapiq:

- Qadag'alaw tapsirmalari tiykarinda sorawlar beriw, test islew ha'm devatqa tartiw;

[1] Islam Karimovtin' «Joqari ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» T; 2008 130-bet

- U’yrenilip atirg’an tema boyinsha tariyxiy ko’rkem a’debiyatlar, hu’jjetler ju’zesinen tapsirmalar beriw ha’m ba’sekili ma’selelerdi sheshiwge u’yretiw;
- Mag’liwmatlardi uliwmalastiriw ha’m juwmaqqa keliw ta’jriybesin asiriw;
- Oqiwshinin’ tariyxiy waqiyalarg’a mu’na’sebeti, salistiriwi ha’m baha beriwi;
- Ha’r qanday ma’sele jeke ko’z qaras boliwi ha’m piker ju’ritiwge erisiw;
- Oqiwshilardi kitap oqiwi arqali du’nyaqarasin ken’eytiwge erisiw;
- Oqiwshilarda do’retiwshilik ha’r qanday ko’rinisin qolla-quwatlaw ha’m rawajlandiriw;
- Do’retiwshiliktin’ izshilligi, a’piwayidan quramalig’a, to’mennen joqarig’a bariwin jolg’a qoyiw;
- Oqiwshilarda ilimiy devad, jaris ma’deniayatin qa’liplestiriw;
- Sabaq protsessinde tariyxtin’ ha’r bir da’wiri haqqinda mag’liwmat aliw mu’mkinligi, tek oni o’zlestiriw ha’m ken’eytiw ushin aqil-oydi oyatiw lazimlig’i ha’m basqalar.

Zamanago’y pedagogikaliq texnologiyalardi bilimlendiriwde ja’riya etiwde tiykarg’i metodlardan biri sheriklikte bilim aliw. Bilim aliwshilardin’ sheriklikte bilim aliwlari ko’birek interaktiv metodlardi qollawdi talap etedi. Interaktiv ta’lim shaxsin ta’lim ha’m ta’rbiya aliwinda za’ru’r a’hmiyetke iye bolg’an bilim aliwshi ha’m bilim beriwshi arasindag’i o’z ara ta’sirge tiykarlang’an dialog, sa’wbet, devad, tartis, ba’sekilerdi bildiredi. Interaktiv ta’lim metodina tiykarlaniw bilim aliwshinin’ arnawli biliw xizmetinin’ sho’lkemlestiriliwine alip keledi. Ma’selen: «Aqiliy hu’jim» usili.

«Aqiliy hu’jim» metodinin’ ma’nisi ja’ma’a’t sherikligi tiykarinda mashqalani sheshiw protsesslerin waqit boyinsha bir qansha basqishlarg’a ajiratiwdan ibarat. Sabaq protsessinde aqiliy hu’jimnen maqsetli paydalaniw joqari, standartliq emes oylawdi rawajlandiriw girewi esaplanadi.

« Aqiliy hu’jim» qag’iydalarin to’mendegishe belgilew mu’mkin:

- Aldig’a su’rilgen ideyalar bahalanabaydi ha’m krtika astina alinbaydi;
- Jumistin’ sipatina emes, sanina qaratiladi, ideyalar qansha ko’p bolsa, sonsha jaqsi;
- Qa’legen ideyani mu’mkin bolg’ansha ken’eytiriwge ha’reket etiledi;

- Mashqala sheshiminen uzaq bolg’an ideyalar da qollap-quwatlanadi;
- Barliq ideyalar ya’ki olardin’ tiykarg’i ma’nisi belgilep bariw joli menen jazip alinadi;
- « Hu’jim»di o’tkiziw waqti aniqlanadi ha’m og’an a’mel qiliniwi sha’rt;
- Beriletug’in sorawlarg’a qisqasha juwaplar beriw ko’zde tutiliwi kerek.

« Aqiliy hu’jim» qiyin jag’daylardan qutiliw ilajlarin tabiwg’a, mashqalani ko’re biliw shegarasin ken’eytiwge, oikirlew bir qiylilig’in jog’altiwg’a ha’m ken’ shen’berde oylawg’a imkan beredi. En’ tiykarg’i waziypani, mashqalani sheshiw protsesinde gu’resiw ortalig’inan joqari sheriklik keypiyatina o’tiledi ha’m topar ja’ne birlesedi.

Qollaniw maqsetine ko’re bul metod universal esaplanip, izertlewshilerde jan’a mashqalani sheshiwge imkan jaratadi, oqitiw protsesinde, rawajlandiriwda payda beredi.

## II. Akademiyaliq litseylerde “1918-1939-jillarda Frantsiya” temasin oqitiwdin’ bir saatliq sabaq islenbesi

| **Tema:** | **“1918-1939-jillarda Frantsiya”** |
|---|---|

**Lektsiyani oqitiw texnologiyasi**

| | |
|---|---|
| Waqti: 2 saat | Oqiwshilar sani 30 |
| Sabaq formasi: | Informatsion ko’rgizbeli |
| Lektsiya rejesi: | 1.Birinshi ja’ha’n urisinin’aqibetleri<br>2. “Milliy blok” hu’kimeti. Onin’ ishki ha’m sirtqi siyasati<br>3. Ekonomikaliq krizis ha’m onin’ aqibetleri<br>4. Fashistler qozg’lan’i<br>5. Xaliq frontinin’ du’ziliwi |
| Lektsiyanin’maqseti: | Talabalardi 1918-1939-jillarda Frantsiyadag’i sotsial-ekonomikaliq ha’mde siyasiy jag’day barisinda bilim ha’m ko’nlikpelerdi iyelewge bag’darlaw |
| **Pedagogikaliq waziypalar:**<br><br>Birinshi ja’ha’n urisinin’ aqibetlerine toqtaliw;<br>- “Milliy blok” hu’kimeti. Onin’ ishki ha’msirtqi siyasati sebeplerin aship beriw;<br>- Ekonomikaliq krizis ha’m onin’ aqibetlerine baha beriw;<br>- Xaliq frontinin’ du’ziliwine toqtaliw; | **Oqiw iskerligi na’tiyjeleri:**<br>**Oqiwshi:**<br>- Birinshi ja’ha’n urisinin’ aqibetleri haqqinda tu’sinikke iye boladi;<br>- “Milliy blok” hu’kimeti.Onin’ ishki ha’m sirtqi siyasati sebeplerin analiz qiladi;<br>- Ekonomikaliq krizis ha’m onin’ aqibetleri haqqinda mag’liwmatqa iyeboladi;<br>- Fashistlerdin’ qozg’alan’i haqqinda bilip aladi;<br>- Xaliq frontinin’ du’ziliwi haqqinda mag’liwmatlarg’a aladi. |
| Oqitiw usillari ha’m texnika | Lektsiya, kishi toparlarda islew, “Aqliy hu’jim” |
| Oqitiw qurallari | Lektsiya teksti,proektor,du’nya kartasi,tarqatpa materiallar, slaydlar |
| Oqitiw formasi | Ja’ma’a’t, tuwridan-tuwri ha’m toparlarda islew |
| Oqitiw sharayati | Texnikaliq qurallar menen ta’miynlengen auditoriya |
| Monitoring ha’m bahalaw | Awizeki qadag’alaw, soraw-juwap, o’z-o’zin qdag’alaw |

**Sabaqtin’ texnologiyaliq kartasi**

| Basqishlar waqti | Oqitiwshi | Oqiwshi |
|---|---|---|
| I basqish Kirisiw (10 minut) | 1.1 Lektsiyanin’ temasin aytadi, oqiw sabag’inin’ maqset ha’m na’tiyjelerin tu’sindiredi. Ta’lim protsessi “kishi toparlarda islew” arqali a’melge asiriliwin aytip o’tedi.<br>1.2 Ha’r bir talabag’a tema boyinsha tarqatpali material tarqatadi.<br>1.3 Tema boyinsha lektsiyanin’ tayanish tu’sinikleri ha’m lektsiya rejesine tu’sinik beredi. Tema boyinsha blits soraw usilinda belgili bolg’an tu’siniklerdi aktivlestiredi. | Tin’laydi<br>Tin’laydi,kerekli mag’liwmatlardi jazip aladi<br>Tin’laydi, jazip aladi, sorawlarg’a juwap beredi |
| II basqish Tiykarg’i bo’lim (60 minut) | 2.1 Oqiw sabag’inin’ birinshi sorawi boyinsha lektsiya qiladi. “1918-1939-jillarda Frantsiya” haqqindag’i mag’liwmatlardi slaydlar arqali analiz qiladi. Talabalardi sa’wbetke tartiw ushin olarg’a sorawlarberedi:<br>1. Birinshi ja’ha’n urisinin’ aqibetlerine toqtaladi.<br>2. “Milliy blok” hu’kimeti. Onin’ ishki ha’m sirtqi siyasati sebeplerin aship beredi.<br>3. Ekonomikaliq krizis ha’m onin’ aqibetlerine baha beredi.<br>4. Fashistler til biriktiriwi toqtalip o’tedi. Talabalardin’ pikirin tin’lap, birinshi reje uliwmalastiriladi.<br>2.2 “Aqliy hu’jim” metodinan paydalang’an haldatoparlarg’a Frantsiyada “Milliy blok”hu’kimeti qalayinsha paydaboldi? Ne ushin Frantsiyada Fashistlerdin’ qozg’alan’i kelip shiqti? Degen sorawlar beredi. Toparlarda islewge qaratilg’an qosimsha mag’liwmatlardan paydalaniwg’a imkan jaratadi. Ha’r birtopartapsirmani vatman qag’azg’a jazip,bilimlerin uliwmalastiradi | Tin’laydi, jazip aladi, sorawlarg’a juwap beredi<br>Sorawlarg’a juwap beredi, erkin pikir ju’rgizedi, toparlarda isleydi |
| II basqish Juwmaqlaw (10 minut) | 3.1 Juwmaqlar shig’ariladi.<br>3.2 Sabaqta belsene qatnasqan oqiwshilar bahalanadi. U’yge tapsirma beredi | Tin’laydi<br>Tapsirmalardi jazip aladi |

## Juwmaqlaw

Juwmaqlap aytqanda Prezidentimiz I.A.Karimov aytqaninday: “Biz tu’rli ma’mleketler ekonomikasinin’ o’zine ta’n rawajlaniwin u’lken diqqat itibar menen u’yrenemiz, ja’ha’n a’meliyati ha’m ja’ha’n ko’leminde toplag’an en’ jaqsi ta’jriybelerdi o’zimizde qollaniwdi ar bilmeymiz, kersinshe bunday umtiliwdi ha’r jaqtan qollap-quwatlaymiz”. Ja’ha’n tariyxin oqitiw ha’m u’yreniwden maqset usi pikirden kelip shig’adi.

Orta arnawli bilimlendiriw sistemalarinda oqiwshilardin’ bilim da’rejesin asiriwda jan’a innovatsion texnologiyalarg’a ayriqsha itibar beriw kerek ekenligi aniqlandi. Sotsial-gumanitar pa’nlerge qa’niygelesken akademiyaliq litseylerde «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin oqitiwda jan’a pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniwg’a ha’reket etiwimiz kerek. Ta’lim protsesinde zamanago’y texnologiyalardi qollaniw oqiwshilardin’ g’a’rezsiz pikirlewine, o’z do’retiwshiligin payda ete aliwina jaqinan ja’rdem beredi.

Biz u’yrenip atirg’an «1918-1939-jillarda Frantsiya» temasin ja’ha’n tariyxi sabaqlig’inin’ “Du’nya ekinshi ja’ha’n urisi aralig’inda” dep ataliwshi I babina 5-tema sipatinda kiritilgen. Onda birinshi ja’ha’n urisinin’ aqibetleri, «Milliy blok» hu’kimeti, onin’ ishki ha’m sirtqi siyasati, ekonomikaliq krizis ha’m onin’ aqibetleri, fashistler ko’terilisi, Xaliq frontinin’ du’ziliwi siyaqli ma’seleler analizlengen.

## Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi:


1. I.Karimov, “Ona yurtimiz baxt-u iqboli va buyuk kelajagi yo’lida xizmat qilish – eng oliy saodatdir”, T; «O’zbekiston», 2015
2. I.Karimov, “Tarixiy xotirasiz kelajak yo’q”, T; «O’zbekiston», 1998
3. I.Karimov, “Yuksak ma’naviyat – yengilmas kuch”, T; 2008
4. I.Karimov, “Biz kelajagimizni o’z qo’limiz bilan quramiz”, 7-tom, T; «O’zbekiston», 1999
5. I.Karimov, “Yuksak malakali kadrlar taraqqiyot manbai”, T; «O’zbekiston», 1996
6. N.M.Azizxo’jayeva, “Pedagogik texnologiya va pedagogiк mahorat”, T; 2006
7. N.M.Azizxo’jayeva, “O’qituvchi mutaxassisligina tayorlash texnologiyasi”, T; 2000
8. V.P.Bespalko, “Педагогика и прогрессивные технологии” M. 1995
9. Lafasov.M.F. “O’zbekiston Respublikasining xalqaro aloqalari”, T; 1995
10. M.Lafasov, “Jahon tarixi”, T; “Turon-iqbol”, 2011
11. Hidoyatov.G.A. “Jahon tarixi” T; “Sharq”, 2001
12. Ochilov.M. “Yangi pedagogiк texnologiyalar”, Qo’llanma-Qarshi; Nasaf, 2000
13. Новейшая история XX века. M. 1998
14. O’.K.Talipov, M.Usmanbaeva, “Pedagogik texnologiyalarning tarkiviy asoslari”, T; 2006
15. B.Farberman, “Ilg’or pedagogik texnologiyalar”, T; 2001
16. O’rta maxsus, kasb-hunar ta’limi muassasalari ijtimoiy-gumanitar fanlar yo’nalishi bo’icha tarmoq Davlat ta’lim standarti. Tuzuvchilar: A.Ikramov, H.Abdullaev, M.Lafasov va boshqalar. T; O’MKHTM, 2005